

Pou Referans, KONTAKTE:



Pwogram Rejyonal — CDW

New Castle:

Adrès: 258 Chapman Rd., Suite 103
Newark, DE 19713

Telefòn: 302-283-7140

Faks: 302-255-4734

Imèl: DHSS_DPH_Centralintake@Delaware.gov

Pwogram Rejyonal — CDW

Kent/Sussex:

Adrès: 18 N. Walnut St., 2nd Floor
Milford, DE 19963

Telefòn: 302-424-7300

Faks: 302-422-1363

Imèl: DHSS_DPH_Centralintake@Delaware.gov



Prepare gras ak yon sibvansyon selon Pati C nan lwa
2004 sou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki
Andikape.

Pwogram Entèvansyon Prekòs Soti nan Nesans jiska Twazan

Divizyon Sante Piblik
Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal nan Delaware

Adrès: Margaret O'Neill Building
410 Federal St., 3rd Floor, Suite 7
Dover, DE 19901

Telefòn: 302-739-2730
Faks: 302-622-4141


Imèl: DHSS_DPH_BirthToThree@Delaware.gov

Sit entènèt:
de.gov/birthtothree



SÈVIS SANTE AK SÈVIS SOSYAL DELAWARE
Divizyon Sante Piblik
Pwogram Entèvansyon Prekòs Soti nan
Nesans jiska Twazan

**birth
to
three**
Early Intervention Program



Ap Ede Paran Delaware yo
Pwofite Plis De
Anfans Timoun Yo

ETAP ENPÒTAN Nan Developman

Èske timoun ou an:

Rive nan 3 mwa:

- Leve sou bra li yo epi kenbe tèt li?
- Swiv yon jwèt k ap bouje avèk zye l?
- Sezi avèk yon bwi ki fo?

Rive 6 mwa:

- Leve chita avèk yon ti sipò?
- Fè bwi tankou l ap pale lè li poukont li?
- Atenn objè yo?

Rive 9 mwa:

- Chita san sipò?
- Rale (sou men ak jenou)?
- Imite son tankou “mama” ak “bye-bye”?

Rive 12 mwa:

- Leve jiskaske l kanpe?
- Mete dwèt/manje solid nan bouch li?

Rive 18 mwa:

- Mache byen epi kouri?
- Idantifye kèk objè?

Rive 24 mwa:

- Monte ak desann eskalye?
- Anpile 2-4 objè?
- Itilize 2-3 mo



Si ou wè yon reta, pa rete tann.

Pou ranpli yon
depistaj
developmantal,
eskane kòd
QR sa a:



Oswa eskane
kòd QR sa a
pou vizite
sit entènèt
nou an:



Kijan Pwogram Entèvansyon Prekòs soti Nesans Jiska Twazan anka ede?

Li ka ede detèmine si timoun ou an bezwen sèvis ak sipò. Pwogram nan kowòdone sèvis pou ede timoun ou an aprann pandan aktivite ak woutin toulejou yo, epi li bay asistans pou konprann andikap timoun ou an ak fason pou ede l aprann.

Kisa yon Kowòdonatè Sèvis Familyal ye?

Yon Kowòdonatè Sèvis Familyal (Family Service Coordinator, FSC) se yon moun ki travay nan Pwogram Rejyonal Entèvansyon Prekòs soti Nesans Jiska Twazan — Child Development Watch. FSC a se kontak prensipal ou pandan lè ou nan sèvis yo.

FSC asire ke dwa paran yo pwoteje, li ede fanmi yo idantifye pwen fo yo ak bezwen yo, li jwenn resous, li reflechi sou desizyon fanmi an bezwen pran, epi li kowòdone tout sèvis ki rekòmande yo.

Kijan mwen ka dekouvri si timoun mwen an elijib?

FSC ou an pral fè aranjman pou yon evalyasyon lakay ou, nan sant gadri timoun ou an, oswa nan biwo Child Development Watch la.

Kisa k ap pase apresa?

Oumenm, FSC ou an, evalyatè ou yo, ak nenpòt lòt moun ou vle mete fòme “ekip” ou an epi reyini pou devlope yon plan alekri ki rele yon Plan Sèvis Familyal Endividyal (Individual Family Service Plan, IFSP) nan 45 jou apati lè referans lan.

Kisa mwen ka espere de sèvis entèvansyon prekòs la?

Yo bay sèvis yo nan anviwònman natirèl — an jeneral, nan espas sa yo kote timoun yo jwe oswa patisipe nan aktivite toulejou yo.

Konbyen kòb entèvansyon prekòs la pral koute?

Yo bay evalyasyon ki gen plizyè domèn gratis pou fanmi an; si sèvis yo nesesè, asirans oswa owa lòt metòd peman aplike jan sa endike nan politik sistèm peman ke FSC ou an pral eksplike w.

Kisa k ap pase lè timoun mwen an vin genyen 3 lane?

FSC a pral ede w planifie pwochen etap pou timoun ou an lè li kite pwogram entèvansyon prekòs la nan laj 3 lane.